

# KIJAN POU POTE PLENT

Si ou kwè ke yo te fè diskriminasyon kont ou akòz de laj ou, ou kapab pote plent nan Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk la.

Ou dwe pote plent nan Divizyon an avan yon ane apre zak diskriminasyon ou ap akize yo fè a. Pou plis enfòmasyon oubyen pou pote plent, ou kapab kontakte biwo rejyonal ki pi pre lakay ou oubyen travay ou a, oubyen vizite sit wèb nou nan:

[www.dhr.state.ny.us](http://www.dhr.state.ny.us)

## KÈK EGZANP:

Ou genyen plis pase swasant ane epi ou genyen ven ane depi ou nan travay ou a. Ou resevwa plizyè ogmantasyon ak pwomosyon pandan tout ane ou t ap travay yo. Genyen yon pwomosyon ki vin disponib epi ou aplike pou li. Kèk semèn apre patwon ou rele ou pou di ou ke li te anplwaye yon lòt moun. Epi ou vin aprann ke nouvo anplwaye a pi jèn pase ou lontan epi li genyen mwens kalifikasyon pase ou. Èske sa ilegal ?

Si laj ou te yon faktè nan desizyon pou anplwaye moun ki pi jèn, ak genyen mwens kalifikasyon an, lè sa a li t ap ilegal.

Ou jwenn yon apatman ke ou vle lwe. Mèt kay la di ou ke ou parèt « jèn ». Epi li mande ou laj ou. Ou di ke ou genyen trant ane, li reponn ou ke li t a prefere yon lokatè ki genyen plis “matirite”. Li pa ba ou apatman an. Èske sa ilegal ?

Amwenske apatman an fèt espesyalman pou moun aje, li ilegal pou refize lwe yon moun apatman akòz de laj moun ki vle lwe apatman an.

Anplwayè ou ranvwaye 100 anplwaye, epi pifò nan yo pi gran pase anplwaye ki rete yo. Ou se youn nan anplwaye ki pi gran yo epi ou kwè ke desizyon sa a baze sou laj. Èske sa ilegal ?

Si laj te jwe yon wòl nan desizyon anplwayè an pou chwazi ki moun pou ranvwaye, ranvwa anplwaye sa yo kapab diskriminasyon.

# DISKRIMINASYON AKÒZ DE LAJ

NEW YORK STATE  
DIVISION OF  
**HUMAN  
RIGHTS**

ANDREW M. CUOMO, GOVERNOR

ONE FORDHAM PLAZA  
BRONX, NEW YORK 10458  
(718) 741-8400  
Toll Free 1-888-392-3644  
TDD (718) 741-8300

[WWW.DHR.NY.GOV](http://WWW.DHR.NY.GOV)

# Diskriminasyon ki baze sou laj ilegal.

Gid sa a fèt pou pwomouvwa konsyantizasyon ak eksplike pwoteksyon yo bay sou Lwa sou Dwa Moun Eta Nouyòk la.

Lwa sou Dwa Moun Eta Nouyòk la kouvri anplwayè ki genyen kat oubyen plis anplwaye. Li pwoteje moun ki genyen 18 lane oubyen pi plis kont diskriminasyon akòz de laj nan travay, pwogram aprantisay ak fòmasyon, pwomosyon ak revokasyon. Epitou, li entèdi moun fè diskriminasyon akòz de laj nan kredi, lojman, ak nan admisyon pou enstitisyon edikatif ki san patipri epi ki genyen egzansyon taks yo. Lwa sou Dwa Moun Eta Nouyòk la pa entèdi diskriminasyon akòz de laj nan domèn akomodasyon piblik.

## TRAVAY

- Yon anplwayè pa gen dwa refize anplwaye oubyen monte grad yon anplwaye, epi li pa gen dwa revoke yon moun akòz de laj, epi li dwe bay menm règ ak kondisyon travay yo san gade sou laj, menm pou salè.
- Se yon pratik diskriminasyon ilegal pou yon anplwayè oubyen ajans travay fè okenn ankèt oubyen itilize okenn fòmilè aplikasyon ki ekspri, swa dirèkteman oswa endirèkteman, okenn limitasyon oubyen diskriminasyon akòz de laj. Divizyon an rekòmande ke yo limite ankèt ki gen rapò a laj yo limite a kesyon ki di, « Èske ou genyen omwen 18 lane ? », amwenske genyen rezon sensè, tankou nan lisans, pou yon ankèt an patikilye.
- Yo pa gen dwa refize yon moun antre nan yon pwogram aprantisay akòz de laj.
- Yon anplwaye pa gen dwa etabli lis separe pou ansyènte, ranvwa, oubyen rapèl ki baze sou laj. Ansyènte dwe baze sou kantite tan yon moun nan travay la, epi yo pa ka itilize laj pou detèmine estati yon anplwaye parapò a ansyènte ak ranvwa.
- Li ilegal pou nenpòt òganizasyon sendika oubyen travay fè diskriminasyon akòz de laj. Yo dwe ofri benefis, sèvis, oubyen kite moun vin manm menm fason bay lòt anplwaye yo, san gade sou laj.
- Jeneralman, li ilegal selon Lwa sou Dwa Moun pou egzije moun pran retrèt. Sepandan, genyen eksepsyon yo fè pou sèten egzekutif ak moun ki nan gwo pòs politik ansanm ak moun nan sèten okipasyon.
- Ajans travay yo pa gen dwa fè diskriminasyon akòz de laj. Yo dwe bay moun ki genyen plis pase 40 ane sèvis, tankou referans pou travay, menm fason yo t ap bay kliyan ki nan lòt gwoup laj yo.

## LOJMAN

- Li ilegal pou refize vann oubyen lwe okenn akomodasyon lojman oubyen pou fè diskriminasyon nan règ, kondisyon, oubyen privilèj akòz de laj swa nan lojman ki resevwa asistans piblik oswa lojman prive. Yon bilding de fanmi kote mèt kay la abite genyen egzansyon nan Lwa a.
- Lwa a pwoteje fanmi ak de timoun ki gen mwens pase 18 lane, ak moun ki ansent oubyen ap adopte timoun, kont diskriminasyon nan lè yo ap vann oubyen lwe akomodasyon lojman.
- Lwa sou Dwa Moun nan genyen sèten eksepsyon sou laj parapò a lojman pou moun ajè.

## KREDI

- Li ilegal pou fè diskriminasyon kont moun nan domèn kredi akòz de laj yo.
- Yon bank oubyen konpayi ki prete lajan pa gen dwa chaje yon moun yo to enterè ki pi wo oubyen pou mwens tan lè li prete lajan an akòz de laj. Lwa a entèdi diskriminasyon akòz de laj nan bay kredi, pou fikse to yo, ak nan règ ak kondisyon kredi yo. Li pa ilegal pou konsidere laj pou detèmine si yon aplikan merite kredi lè yo demontre ke laj genyen yon relasyon solid pou demontre si yon moun merite kredi.

## EDIKASYON

- Yon enstitisyon Edikasyon San Patipri ki pa peye taks pa gen dwa refize moun antre oubyen itilize etablisman yo akòz de laj yo.